

**North Carolina Department of Commerce-Division of Workforce Solutions  
Reemployment Services and Eligibility Assessment Program**

**99/9999**

[Non Patisipan an  
Adrès Ri  
Vil, Kòd Postal NC ]

Chè [Ensere Non:]

Ou te pwograme pou patisipe nan pwogram Sèvis Ranbochman avèk Evalyasyon Elijiblité a (Reemployment Services and Eligibility Assessment, RESEA) nan dat [ **Seleksyone Dat** ] ofri pa Divizyon Solisyon Travay (Division Workforce Solutions). Malerezman, ou te rate randevou a. Patisipasyon nan pwogram sa **obligatwa**. Si w pa rive asiste randevou ou a, sa ka fè enpak sou elijiblité alokasyon asirans chomaj ou an. Yon lòt randevou te repwograme pou ou. **Ou dwe pote yon idantifikasyon ki gen foto valid.** Idantifikasyon fotografik pral egzije nan objèktif pou ou kapab konplete randevou sa. Yon idantifikasyon valid aksèptab se yon idantifikasyon fotografik ki emèt pa gouvènman lokal, deta oswa federal la, tankou yon lisans pou kondwi, paspò oswa kat idantifikasyon gouvènman an. **Silvouplè pote rejis rechèch travay ou an avèk yon kopi rezime w la avèk ou.** Oryantasyon RESEA a avèk aktivite ki lye yo kapab dire soti (1è) jiska (3) zèdtan. Kesyon sou notifikasyon sa ta dwe adrese avèk Sant Karyè ki mansyone pi ba a.

**Reyinyon w lan ki repwograme a:**

LYE: [Sant Karyè a  
[Adrès Ri  
[Vil, Kòd Postal NC ]

DAT: [Klike la pou antre yon Dat.]

LÈ: [Chwazi yon lè.]

Si ou gen aksè ak entènèt, ou ta dwe mete ajou enskripsyon ki deja egziste nan sistèm referans avèk rechèch travay nou an nan NCWorks Online nan <https://www.ncworks.gov> anvan randevou ou a. Pandan ou sou entènèt la, ou kapab aksede ak lyen sèvis karyè a ki founi debouche travay ak enfòmasyon sou karyè selon enterè avèk eksperyans travay ou yo. Si ou itilize nenpòt nan zouti sa yo nan lyen sa a, silvouplè anrejistre sou entènèt la oswa pran lis karyè ki sijere yo oswa lòt dokimantasyon pou verifiye plenitud zouti karyè sou entènèt sa yo lè ou vini pou randevou ou a. egzekisyon etap yo ki pi wo a pral grandman akselere vizit ou an. Si ou nan enposiblité pou konekte avèk NCWorks Online alavans, pèsone l la pral asiste w pandan vizit ou an.

Si ou nan enposiblité pou patisipe nan reyinyon an, silvouplè rele alavans nan (###) ###-####, ext. ### oswa imel nan [firstname.lastname@nccommerce.com] pou nou kapab pwograme yon moman ki apwopriye. Si ou te tounen jwenn travay, silvouplè kontakte nou epi bay non anplwayè w la avèk dat ou te kòmanse a. Si ou poko tounen jwenn travay, n ap kontan wè w pou sèvi w.

Konsiderasyon,

[Non Rèsponsab la  
[Non Rèsponsab Santral la]